

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun kieu:

Téma dina ieu novél téh nyaéta budak yatim nu teuneung geusan ngabéla bebeneran. Novel *Budak Teuneung* diwangun ku dalapan episode. Jalan caritana ngaguluyur, kusabab kitu ieu novel téh miboga galur méréle kayaning runtuyan galurna kabagi jadi lima nyaéta *situation, generating circumstance, rising action, climax*, jeung *denouement*. Tokoh utama protagonis dina ieu novél téh nyaéta Warji, sedengkeun tokoh utama antagonis dina ieu novel téh Utun. Tokoh sekunder dina ieu novel téh aya Ambu Warji, Begu, Asép Onon, Ambu Ijem, jeung Adun. Tokoh komplementer atawa tokoh piguran kapanggih aya tilu tokoh nyaéta Juragan Lurah, Tua Kampung, jeung Budak Angon. Latar nu aya dina ieu novel kabagi jadi tilu. Kahiji nyaéta latar tempat nu ngawengku wilayah-wilayah atawa tempat di padésaan kawas imah, warung, leuwi, sawah, pangangonan, balé désa, jsb. Latar waktu dina ieu novel didominasi ku latar waktu nu absolut, contona jiga pasosoré, samangsa-mangsa neut hudang, isuk-isuk meleték srangéngé, wanci manceran, bada magrib, peuting. Sedengkeun latar waktu parsial ngan saukur kapanggih hiji nyaéta jam tujuh isuk.

Sakumaha anu geus ditétélakeun saméméhna yén tokoh utama dina ieu novel téh Warji. Warji dicaritakeun budak umur 11 taun. Saupama disawang tina tiori psikologi perkembangan, Warji téh asup kana mangsa oprasional formal. Ku kituna kapanggih sabelas karakteristik anu nyampak dina diri Warji, diantaranya waé aya karakter aktif jeung dinamis, pinter sabab ngalaman kamekaran kogntif, resep ngagulkeun jajatén, miboga ajén diri nu kuat, tanggung jawab, resep ulin jeung babaturan sajinisna, mandiri, miboga pamikiran anu logis, béla ka babaturan, rajin, jeung mertahankeun égo nu kuat.

Sabada nganalisis ngagunakeun tiori konflik psikologi Kurt Lewin, kapanggih aya opat jinis konflik psikologis nu karandapan ku Warji nyaéta *approach-approach conflict, approach-avoidance konflik, avoidance-avoidance conflict,*

jeung *multiple approach-avoidance conflict*. Dina hasilna, konflik jinis *approach-avoidance* téh leuwih loba batan jinis konflik psikologis anu séjén. Jadi bisa dicindekkeun yén pangaruh *fatherless* dina diri Warji teu salilana ngabalukarkeun kagoréngan. Masih kénéh aya motif positif sabab Warji masih kénéh boga indung anu jadi sumber kakuatan manéhna. Tokoh Ambu Warji miboga peran penting dina ngaping Warji sangkan jadi jelema bener sabada ditinggalkeun maot ku bapana. Tina konflik psikologis nu karandapan ku Warji gé bisa kapaluruh faktor musabab jeung balukarna.

Aya dalapan faktor anu nyababkeun Warji ngalaman konflik psikologis dina kahirupanana. Diantarana nyaéta bébédaan persépsi, diskriminasi, ayana *stereotype*, kurangna sumberdaya, mertahankeun égo, sangkaan goréng, ayana paripolah agrésif, jeung béda kelas sosial. Éta konflik psikologis téh ngabalukarkeun genep hal pikeun diri Warji nyaéta rasa kuciwa, kateudayaan, amarah, ayana dominasi ngéléhkeun lawan, bimbang, jeung miboga rasa kaéra.

5.2 Implikasi

Implikasi anu dipiharep sabada réngséna ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Pikeun panalungtik, bisa ngajembaran élmu pangaweruh tina élmu atawa tiori anu digarap, bisa nyangking data ngeunaan konflik psikologis jeung karakteristik budak sangkan kahareupna bisa ditalungtik deui leuwih nyuksruk jero.
- 2) Pikeun masarakat, nambahan élmu pangaweruh ngeunaan konflik psikologis nu kasampak dina novel *Budak Teuneung* karya Samsoedi.
- 3) Pikeun paguron luhur tempat kuliah panulis, ieu panalungtikan mugia bisa nambahan référénsi dina mata kuliah sastra anak atawa psikologi sastra.
- 4) Pikeun mahasiswa, jadi bahan pustaka dina panalungtikan-panalungtikan nu satuluyna.

5.3 Rekomendasi

Sabada panalungtikan ngeunaan konflik psikologis tokoh utama dina novel *Budak Teuneung* karya Samsoedi dilaksanakeun, panalungtik ngarasa perlu pisan

nepikeun sababaraha rékoméndasi pikeun pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan sangkan leuwih gemet deui nalungtik perkara psikologi sastra.

Anu kahiji, dipiharep bisa ngajembaran perkara sumber-sumber paélmuan anu bisa méré mangpaat nu leuwih keur jalma réa. Kadua, ieu panalungtikan téh masih kénéh aya kakuranganana, pikeun panalungtik saterusna dipiharep bisa leuwih deui neuleuman atawa leuwih maham ngeunaan élmu psikologi sastra hususna psikologi perkembangan. Lian ti éta ulah ngan saukur nganalisis unsur psikologis dina hiji carita hungkul, misalna ditambahan deui ku hiji carita anu asalna ti nagara séjén. Sangkan bisa nyangking bébéda ngeunaan cara ngungkulan konflik psikologis tina budaya anu béda.